



State Board of Education

Marva Johnson, *Chair*
John R. Padget, *Vice Chair*
Members
Gary Chartrand
Tom Grady
Rebecca Fishman Lipsey
Michael Olenick
Andy Tuck

Pam Stewart
Commissioner of Education

Pou Paran oswa Gadyen Legal:

Pandan 30 premye jou lekòl, nou va itilize tès evalyasyon pou kindègadenn Leta Florid rekòmande [Florida Kindergarten Readiness Screener-Work Sampling System - FLKRS-WSS]. Se yon tès ki evalye konnesans pitit-ou. Rezilta evalyasyon-sa-a (screening) va ban-nou enfòmasyon enpòtan pou konnen si yon timoun pare pou antre lekòl. Tès-la va ede pwofesè-yo devlope plan leson ki va satisfè bezwen edikasyonnel chak timoun epitou mete aladispozisyon paran enfòmasyon itil.

Pwofesè klas pitit-ou va itilize tès FLKRS-WSS kòm yon zouti obsèvasyon, li va konplete. Chak jou, pwofesè-a obsève pitit-ou, pandan aktivite nan saldeklas-la. Aktivite saldeklas enkli tout gwoup-la, ti gwoup ak aktivite endividyèl. Kèk egzanp ladrès ak abilitè nou pral obsève si pitit-ou ka fè: abilitè pitit-ou pou li koute istwa, swiv regleman saldeklas-la, jan li kominike epi reyaji ak lezòt epi jan li ranje materyèl edikasyonnel nan kote apwopriye.

Tès FLKRS-WSS, nou itilize kòm tès evalyasyon, baze sou nòm (estanda) pèfòmans, ki apwouve pou pwogram preskolè Voluntary Prekindergarten Education Program (VPK). Si ou gen keksyon sou pwosesis evalyasyon-an, tanpri kontakte pwofesè pitit-ou. N ap travay ansanm pou asire pitit-ou va viv yon esperyans plen siksè nan kindègadenn.

Avèk respè,

Hershel Lyons

HERSHEL LYONS
CHANCELLOR OF PUBLIC SCHOOLS